



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN ETA NAN EKSPANSYON KONPAYI TEKNOLOJI RIPPLING NAN SID MANHATTAN POU DEBLOKE 29 MILYON DOLA NAN FINANSMAN RECHÈCH AK DEVLOPMAN**

***3.5 milyon dola nan Kredi Taks pou Travay Excelsior ki baze sou pèfòmans yo pral ede Rippling triple anprent aktyèl la nan Vil New York – sa k ap kreye 390 nouvo djòb***

***Bati sou pwopozisyon Eta Leta Gouvènè Hochul pou fè avanse kwasans entèlijans atifisyèl nan Eta New York***

***Sipòte angajman Gouvènè a tou pou kondwi inovasyon atravè Eta New York ak bati yon ekonomi 21èm syèk***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Rippling ki baze nan San Francisco, yon platfòm jesyon mendèv inovan, pral triple operasyon li yo nan Vil New York, sa k ap kreye 390 nouvo djòb epi debloke yon investisman 29 milyon dola nan rechèch ak devlopman ki baze nan New York sou pwochen 10 ane yo. Konpayi an, ki pral okipe 69,000 pye kare nan 59èm ak 60èm etaj 4 World Trade Center, ap elaji operasyon li yo pou pwofite talan mendèv eksepsyonèl Vil New York la epi benefisye lidèchip li nan ekonomi teknoloji ak inovasyon, sa ki alimante plis kwasans atravè yon gwo kantite investisman nan rechèch ak devlopman. Ekspansyon Rippling nan Vil New York bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou atire biznis inovan nan Eta New York, bati yon ekonomi 21èm syèk, epi kreye bon travay pou Nouyòkè yo.

"New York ap investi nan biznis inovan tankou Rippling k ap mennen kwasans nan nouvo endistri yo, kreye bon travay pou Nouyòkè yo, epi asire avni ekonomik eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Angajman Rippling pran pou l triple anprent li isit la ak investi plizyè milyon pandan pwochen deseni yo pou sipòte rechèch ak devlopman se prè ke efò nou yo ap mache, epi administrasyon mwen an ap kontinye sipòte lidè endistri yo ki ke teknoloji avanse yo nan AI ak lòt sektè yo pral fè ekonomi nou an avanse pou pi devan."

Rippling te angaje l pou l kreye omwen 390 nouvo djòb atravè ekip maketing, finans, legal, lavant, operasyon ak enjenyeri li yo pandan l ap kenbe 173 anplwaye aplentan, ki sipòte ak jiska 3.5 milyon dola nan kredi taks pwogram Travay Excelsior ki baze sou

pèfòmans ki soti nan Empire State Development. Ekspansyon an pèmèt Rippling tou envesti plis pase 29 milyon dola nan depans rechèch ak devlopman nan Eta New York pandan 10 ane pou konstwi nouvo pwodwi ak avanse platfòm Jesyon Depans ki pi enpòtan nan mache a, ki ede konpayi yo jere depans yo pi efikas.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Envesti nan konpayi ki gen gwo kwasans tankou Rippling ranfòse repitasyon New York kòm yon sant teknoloji mondyal, ki pwovoque inovasyon ak kreye travay ki byen peye. ESD kontan anpil pou l sipòte agrandisman Rippling nan kad efò kontinyèl nou pou kiltive yon peyizaj ekonomik k ap pwospere nan 21èm syèk la. Lè nou nourri endistri demen jodi a, n ap debloke avni ki pwomèt epi n ap bay pwosperite enklizif pou tout Nouyòkè yo."

**Ko-fondatè ak PDG Rippling lan, Parker Conrad, te deklare,** "Rippling bay biznis yo yon sèl kote pou jere HR, IT, ak Finans, rasanble tout sistèm mendèv ki nòmalman pwopaje atravè yon konpayi, tankou pewòl, depans, benefis, ak òdinatè. Lè li konsolide tout done ak zouti anplwaye yon konpayi nan yon sèl sistèm, Rippling pèmèt kliyan nou yo reyalize objektif yo pi vit ak pi efikas. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul la pandan n ap grandi ekip la pou sipòte biznis nou an k ap grandi. 4 World Trade Center se yon kote ideyal pandan n ap ogmante anprent nou nan Vil New York."

**Prezidan & PDG Tech:NYC la, Julie Samuels, te deklare,** "Plan ekspansyon ak anbochaj Rippling lan konfime sa plizyè dizèn milye lòt konpayi teknoloji konnen: Vil New York se youn nan kote ki pi atiran nan mond lan pou konstwi ak devlope yon konpayi teknoloji. Sektè teknoloji a rete angaje pou li alimante ekonomi rejyon an, epi nou kontan dèske inovatè prensipal tankou Rippling ap chwazi New York pou kreye travay, jwenn pi gwo talan, epi ranfòse pozisyon vil la kòm yon sant mondyal pou inovasyon."

Fonde an 2016, Rippling rasyonnalize resous imèn, teknoloji enfòmasyon, ak finans sou yon platfòm inifye ki prepare pou biznis ki gen 2-2000+ anplwaye, ki gen ladan atravè itilizasyon entèlijans atifisyèl. Rippling konsolide jesyon anplwaye an yon sèl sistèm nan santralize pewòl, benefis, jesyon aparèy, ak plis ankò. Konsolidasyon sa a pèmèt abònman san pwoblèm, rapid—ki pèmèt konpayi yo konfigire pewòl, kat antrepriz, aparèy, ak aplikasyon pou nouvo anplwaye nan kèk minit. Avèk ekspansyon Vil New York li a ki fikse pou akomode plizyè santèn anbochaj adisyonèl, Rippling pral pwofite pi gwo anprent pou kenbe rit ak demann k ap rapidman akselere pandan y ap kiltive yon anvivònman travay an pèsòn.

Agrandisman konpayi an nan New York konplete pwopozisyon Eta Leta Gouvènè Hochul te fè pou asire plas New York nan premye transfòmasyon entèlijans atifisyèl la. Gouvènè a [te anonse](#) kreyasyon Empire AI, yon konsòsyòm ki pral kreye ak lanse yon sant enfòmasyon entèlijans atifisyèl dènye modèl nan nò Eta New York pou enstitisyon prensipal New York yo itilize pou ankouraje rechèch ak devlopman responsab, kreye travay, epi debloke opòtinite AI ki konsantre sou byen piblik.

Li reprezante tou youn nan plizyè konpayi dènye kri k ap kontribye nan akselerasyon ekonomi inovasyon Vil New York sou direksyon Gouvènè Hochul. Ak Majistra Vil New York Eric Adams, Gouvènè Hochul te anonse pwogrè sou [SPARC Kips Bay](#), yon sant karyè ak edikasyon nan syans lavi inik ki pral ankre endistri a nan New York; ouvè [Taystee Lab Building](#) ki koute 700 milyon dola epi ki modèn lan ak 9 milyon ekspansyon [Harlem Biospace](#) nan West Harlem; li te anonse ekspansyon [Schrödinger, Inc's](#) ki koute 7.6 milyon dola nan Times Square; [3 milyon dola ekspansyon konpayi kominikasyon MetTel](#), ak seleksyon Vil New York kòm fiti kay [Chan Zuckerberg Initiative Biohub](#) ki koute 300 milyon dola a.

Gouvènè Hochul pran angajman pou li mennen inovasyon atravè Eta New York epi li te anonse plizyè investisman ak patenarya resan pou kiltive biznis pwochen jenerasyon atravè eta a. Gouvènè Hochul te anonse yon investisman transfòmatif 100 milya dola Micron pou konstwi yon megafabrikasyon toupre Syracuse ak premye [Sant Litografi EUV ki Wo an NA](#) (High NA EUV Lithography Center) ki piblik nan Amerik Dinò nan Konplèks Albany Nanotech la. Gouvènè a te fè envestisman pyonye tou nan sektè tankou syans lavi yo, ki gen ladan de Sant Terapi Selilè ak Jenetik nan [Buffalo](#) ak [Long Island](#) ak 50 milyon dola [Lab of the Future](#) (Laboratwa pou Lavni) pou dekouvèt medikaman prelinik eta, ansanm ak pwojè sipò atravè eta a tankou [OWL AI](#) nan rejyon Finger Lakes, [TTM Technologies](#) nan Southern Tier, [JMA Wireless](#) nan New York Santral, ak [SeeQC](#) nan rejyon Mid-Hudson lan. Investisman sibler sa yo – ak anpil lòt nan tout eta a – yo te enpòtan pou tabli Eta New York kòm yon sant teknoloji ki renome globalman, ki bay yon kwasans ekonomik soutni epi kreye travay ki byen peye alavni.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418